



Men Kijan pou Vin yon Ajan Elektoral pou Eleksyon Jeneral yo

Konte New Jersey yo, an patenarya avèk Depatman Deta, Divizyon Eleksyon, ap chèche aktivman pou jwenn rezidan ki kapab travay kòm ajan elektoral pou Eleksyon Jeneral ki pral fèt byento yo.

Men repons pou twa prensipal kesyon moun poze sou fason pou travay kòm ajan elektoral:

1... POUKISA POU MWEN APLIKE?

Kominote ou bezwen ou! Lè ou travay nan yon biwo vòt, ou pral:

- Touche \$21.43 pa èdtan pandan jounen vòt antisipe an pèsòn yo, epi \$300 pandan Jou Eleksyon Jeneral lan.
- Swiv bèl aksyon demokrasi nou an, an dirèkt, epi jwi santiman ki vini lè ou pote kontribisyon pa ou nan kominote lokal ou, eta ou epi peyi ou.

2... KIYÈS KI KAPAB APLIKE?


Ou kapab aplike pou travay kòm ajan elektoral nan New Jersey si ou:

- Se yon sitwayen Etazini epi ou se yon rezidan eta New Jersey an.
- Ou se yon elektè ki rejistre nan konte koute ou viv lan.
- Genyen laj minimòm 16 lane. Nou ankouraje elèv high school epi etidyan kolèj aplike. Nòt: Moun ki genyen mwens pase laj 18 lane pral travay yon kantite èdtan limite pou chak ka epi yo pa oblije rejistre pou vote. Kontakte Konsèy Eleksyon Konte an pou jwenn plis enfòmasyon.
- Ou pa kapab prezante kòm kandida nan eleksyon sa a.

3... KISA POU MWEN KONNEN ANKÒ?

Dat travay ki kapab genyen yo soti samdi 28 oktòb jiska dimanch 5 novanm (peryòd vòt antisipe an pèsòn lan) epi madi 7 novanm (Jou Eleksyon an). Kantite èdtan epi jou travay yo kapab diferan.

Aplike jodi menm nan sit [PollWorker.NJ.Gov](https://www.pollworker.nj.gov)!



Gouvènè Phil Murphy
Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
[Vote.NJ.Gov](https://www.vote.nj.gov)

